



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE MOUN NEW YORK YO POU YO PRAN PREKOSYON POU PWOTEJE TÈT YO KONT DOMAJ GWO VAN YO

Ajans Eta yo Prepare pou Gwo Van yo Atravè Laplipa Kote nan Eta a

Gwo Van yo ki a 105 a 121 kilomèt pa èdtan Kapab Lakòz Domaj nan Gwo Branch Bwa yo ak Kab Kouran yo, Ki Ap Lakòz Entèripsyon Kouran Ki Epapiye yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou pran prekosyon ki apwopriye pou pwoteje tèt yo kont tanpèt ki ap kontinye an, ke yo prevwa pral pote van ki ap fè domaj ak lapli ki toupatou nan divès zòn ki nan Rejyon Nò New York pou rive aswè a. Anvan tanpèt la, konpayi sèvis piblik New York yo te ajoute 400 travayè ki ap travay sou kab elektrik, pye bwa ak sèvis yo ki nan baz 4,200 travayè aktyèl lan atravè pwosesis asistans mityèl lan. Y'ap deplase ekip yo nan zòn ke yo prevwa pral gen pi gwo van yo epi yo rete pare pou asiste nan efò restorasyon yo, jan sa nesèsè. An plis de sa, veyikil ki gen pwofil wo ki nan Rejyon Nò New York yo ta dwe pran ekstrèm prekosyon sou otowout yo pandan ke gwo van yo pral rann vwayaj yo difisil nan Mèkredi ak nan Jedi.

“Gen plis kondisyon metewo grav ki ap vini nan New York, ki ap pote ak yo potansyèl pou entèripsyon kouran yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap siveye an pèmanans mouvman tanpèt sa epi ajans eta yo totalman prepare pou reponn, si ak lè yo bezwen yo. Pandan tan sa, mwen ankouraje tout moun pran prekosyon pou pwoteje moun ou renmen yo ansanm ak kay ou, epi tou pou evite nenpòt vwayaj ki pa nesèsè pandan wo nivo tanpèt sa.”

Yo prevwa ke zòn ki sou Lak Erie ak Ontario yo pral sibi yon peryòd van ki ap fè domaj ki pwolonje pandan rès jounen an pou rive nan aswè a, ak van ki ap dire ki a 40 a 72 kilomèt pa èdtan ak rafal van ki jiska 105 a 121 kilomèt pa èdtan. Moun ki sou bato pou divètisman yo ta dwe rete nan pò a oswa al abrite yo jiskaske van ak vag yo fin kalme.

Sèvis Metewo Nasyonal lan te fè soti Siveyans ak Avètisman pou Gwo Van yo pou laplipa kote ki nan Rejyon Nò New York ki gen ladan Rejyon Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral, Mohawk Valley, Southern Tier, North Country, Rejyon Kapital, ak Rejyon Mid-Hudson yo pou rive aswè a. Nan North Country, lapli ki konstan

ak tonè okazyonèl, ki konbine ak tanperati ki pi cho yo ta dwe fonn blòk glas yo, ki kapab lakòz inondasyon minè. Avètisman pou Inondasyon sou Rivaj lak yo an vigè tou pou konte ki sou tout rivaj rejyon lès Lak Erie ak Ontario. Pou kapab jwenn yon lis siveyans, avètisman, ak konsèy sou metewo aktyèl ki soti nan Sèvis Metewo Nasyonal lan, klike [la a](#).

Preparasyon Ajans Leta yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te an kontak ak Direktè Ijans yo ki nan rejyon ki te afekte yo, epi Sant Siveyans Eta a ap siveye nenpòt enpak potansyèl san rete.

10 rezèv antrepo rejyonal nan Eta a yo totalman prepare, epi atou yo pare pou deplwaye yo gen ladan:

- 711 dèlko
- 261 fa limyè
- 1,296 ponp
- 18 machin pou ranpli sak sab
- Prèske 1,000,000 sak sab
- Plis pase 7,000 fye baraj tanporè Aqua Dam
- Plis pase 56,000 pla ki pare pou moun manje
- Plis pase 430,000 kanèt ak boutèy dlo
- Plizyè milye manto, dra ak zòrye yo.

Sou òdonans Gouvènè an, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te aktivman ap lanse tou yon seri mezi pou redwi nenpòt inondasyon ki kapab rive tou pre Lak Ontario an 2018. Espesyalman, Divizyon an te deja kòmanse deplwaye prèske 250,000 sak sab, ekipman pou pare sak sab yo, Aqua Dam yo, ak lòt atou pou pote repons yo pou asire ke konte yo ak komin yo gen sipò ak resous ke yo bezwen anvan nenpòt inondasyon fiti.

Depatman Sèvis Piblik Eta a (Department of Public Service)

Konpayi sèvis piblik New York yo te ajoute 400 travayè ki ap travay sou kab elektrik, pye bwa ak sèvis yo ki nan baz 4,200 travayè aktyèl lan pou efò restorasyon yo, si sa nesèsè. Yo ap deplase ekip yo pou yo al nan zòn kote yo prevwa ka sibi pi move enpak tanpèt la yo kont gwo van yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Depatman Sèvis Piblik la te pwolonje orè sèvis Liy Asistans Sant Apèl yo kòmanse apati Mèkredi 4 Avril jisak 7:30 p.m., jan sa nesèsè, pou ede konsomatè yo nan efò restorasyon yo apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

Nou ankouraje moun New York yo anrejistre pou NY Alert nan <https://users.nyalert.gov> pou jwenn alèt imedyà sou avi metewo ak fèmten wout ijans yo.

Depatman Transpò Eta

Depatman Transpò Eta a pare pou pote repons pou nenpòt enpak tanpèt ak 70 eskavatris, kat bouldozè, 15 nivelez, 15 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 12 ponp dlo, 1,560 kamyon baskil ki laj, 324 kamyon chajè ki laj, 15 kamyon a so ak ekipaj pou pye bwa yo, 78 dechiktez, 54 kamyon siyalizasyon sikilasyon, ak 13 kamyon tank dlo.

An plis, Depatman an te aktive Siy Mesaj Varyab yo sou wout eta yo pou rive aswè a nan Rejyon Lwès New York, Rejyon Finger Lakes, New York Santral ak North Country, pou avèti otomobilis yo sou gwo van yo.

Buffalo Skyway fèmen aktyèlman pou sikilasyon kamyon yo. Depatman an te an kontak ak Asosiyasyon Kamyon New York lan (Trucking Association of New York) pou kapab kenbe sektè a okouran de sityasyon an. Yo te mete Siy Mesaj Varyab adisyonèl pou sikilasyon kamyon sou Skyway lan pou avize chofè kamyon yo sou wout altènatif yo.

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway ap egzòte otomobilis yo pou yo pran prekosyon pandan y'ap kondwi pandan Avèstisman pou Gwo Van an. An plis, Otorite Thruway te aktive Siy Mesaj Varyab yo toupatou nan Rejyon Nò New York pou avèti chofè yo sou gwo van yo. Pwosedi fèmten wout an ijans yo pare pou asiste lòt ajans eta ak sa lokal yo si fèmten wout yo nesèsè. Pèsonèl adisyonèl pral pare pou siveye kondisyon yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak enjenyè dlo rejyonal yo an eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn kote li pwobab pou tanpèt la afekte a yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, 16 bato, ak veyikil itilite yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Prepare pou Pàn Kouran

Gouvènè Cuomo ap ankouraje rezidan yo pou yo rete lwen nenpòt kab ki kase paske yo ka toujou gen kouran ladan epi yo dwe konsidere yo kòm ekstrèmman danjre: Yo raple otomobilis yo ke Lalwa Eta a egzije si 'pa gen kouran' nan yon kafou epi limyè siyalizasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa vin tounen yon arè nan kat sans. Nan ka gen wout ki fèmen oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Moun New York ta dwe voye je sou zanmi, fanmi ak vwazen, espesyalman ti granmoun. Pàn kouran ka afekte kapasite yon moun pou li chofe kay li, sa ki ka mennen a tanperati ki danjrezman frèt pandan mwa ivè yo.

Gouvènè a ap ofri konsèy sekirite adisyonèl sa yo:

- Lakay oswa nan travay, kenbe yon radio a pil ak yon flach sou plas, ansanm ak apwovizyonman pil. Kenbe yon apwovizyonman dlo, medikaman, ak manje ki pa gate rapid yo prè sou plas. Si w itilize medikaman ki mande pou w mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè w oswa famasyen w lan.
- Asire w gen yon metòd rechaj altènatif pou telefòn ou oswa nenpòt aparèy ki itilize kouran. Chaje telefòn ou yo oswa nenpòt aparèy ki mache ak pil.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.

Si Ou Nan Blakawout

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta New York la](#). Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen senptòm sa yo.

Apre yon Pan Kouran

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspoze a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj
Sonje: “Lè nou pa si, jete manje a.”
- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjle yo ankò.
- Si ou enkyè akoz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyone twousou ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp epi ki fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè radyo bay nivo dlo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si w riske inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyasyon ijans.
- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Vwayaje ak Prekosyon

- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Asire ou gen ase gaz pou vwati ou.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA fè touris.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k’ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou ak inonde, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- PA eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi ale nan lòt direksyon an.

- PA souzestime puisans destwiksyon dlo k ap deplase vit. De pye dlo inondasyon k ap deplase vit ap flote vwati ou. Dlo k'ap kouri ak yon vitès de kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou ljans yo sou www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)